



**KEK KESYON SOU DEVLOPMAN AYITI POU JODI A  
AK DEMEN**

---

Konsiltan Gert Rosenthal te elabore dokiman sa nan kad pwojè *Kèk estrateji ki pa konvansyonèl pou devlopman ekonomik annAyiti* ki te resevwa èd finansye Fondasyon W.K. Kellogg. Opinyon ki exprime ladan l yo se responsabilite otè a e pa nesesèman koresponn ak opinyon CEPALC.

## KONTNI

	<u>Paj</u>
I. ENTRODIKSYON.....	1
II. SITIYASYON KOUNYE A .....	2
III. AGIMAN PRENSIPAL LA.....	6
IV. WOL KOMINOTE ENTENASYONAL LA .....	7
V. AYITI AK EKONOMI GLOBALIZE A .....	9
VI. EKILIB ANT LETA AK MACHE .....	12
VII. MOTE POTANSYEL POU KWASANS.....	14
VIII. JESYON MAKROEKONOMIK .....	16
IX. YON PROGRAM ENVESTISMAN PIBLIK .....	18
X. KONKLIZYON .....	20

## I. ENTRODIKSYON

1. Komisyon Ekonomik pou Amerik Latin ak Karayib (CEPALC) la te prepare dokiman kout sa a sou demann Misyon Nasyonzini pou Estabilizasyon annAyiti.<sup>1</sup> Entansyon l se anrichi deba kap fèt nan peyi a sou kesyon devlopman sou tan kout ak sou tan long. Espesyalman kounye a ke Ayisyen ap prepare yo pou patisipe nan yon dyalòg nasyonal ak patisipasyon tout sektè, pèspektiv devlopman peyi a sou yon tan long, pa ka pa ladann. Okontrè, lap difisil pou yon pwogrè reyalize si prensipal moun ak enstitisyon kap patisipe yo pa gen yon vizyon klè sou kijan yo dwe fè fas a prensipal defi peyi a gen devan l jodi a: majoritè defi sa yo gen pou wè ak devlopman ekonomik epi sosyal. Dokiman an souliye sèten nan pwoblèm ki merite yon diskisyon serye epi li montre nan ki direksyon sèten politik ta kab oryante.

---

<sup>1</sup> Etid sa a antre nan yon pwojè sou devlopman ak diminisyon mizè annAyiti ke CEPALC ap reyalize avèk Fondasyon Kellogg.

## II. SITIYASYON KOUNYE A

2. Pèp ayisyen an nan yon sityasyon trè difisil nan 2005 la. Malgre tout fyète l santi paske l te rache endepandans li nan youn lit pou liberasyon sa fè plis ke 200 zan, idantite nasyonal li ki fò epi san parèy ak yon eritaj kiltirel ekstraòdinè, istwa peyi a chaje ak move moman nan kesyon direksyon poltik li, byennèt sosyal ak ekonomik popilasyon an epi nan jan resous natirèl yo te administre.

3. Ayiti te deja konsidere tankou peyi pi pòv nan emisfè oksidantal la akòz de yon seri eleman ki peze lou e ki pran rasin nan istwa l, sèten evennman nan 20 lane ki sot pase yo kontribye pou deteryore sityasyon an ankò plis. Revni pa tèt sitwayen tonbe apeprè 50% depi komansman lane 1980 yo ; degradasyon resous natirèl peyi a kontinye menm jan (koupè pye bwa, erozyon, kontaminasyon nan vil yo); kapasite leta pou ofri sèvis sosyal, sekirite, kontwòl la lwa, ak devlopman enfrastrikti bese anpil; majorite endikatè yo kontinye desann.

4. Envestisman prive ret kanpe rèd; sektè ekspòtasyon an te soufri yon gwo kontraksyon nan lane 1990 yo, li poko reprann tèt li ; meyè moman pou endistri soutretans la se te nan lane 1987 kote ekspòtasyon te rive a 134 milyon dola ameriken epi 40 mil travayè. Jodi a pa gen plis ke 30 mil travayè nan aktivite sa yo. Kòm prodiksyon an ap bese se machandiz enpòte ki konsumè e yo finanse l ak lajan ke ayisyen kap viv aletranje voye (an 2004 se te anviwon 25% Pwodui Entèn Brit)<sup>2</sup> epi posibilite pou jwenn travay pa fasil e li pa ogmante. De ayisyen sou twa ap viv nan pòvte e la mwatye ap viv nan lamizè. Yon lòt bò menm gen yon ti elit ekonomik ki gen anpil enfliyan; gen anpil inegalite nan revni ak nan posibilite pou jwenn opòtinite.

5. Apre 29 an yon rejim otoritè, evenman ki pase depi fanmi Duvalier lese gouvènman an te konplike panorama a. Eleksyon Jean Bertrand Aristide an desann 1990 te kreye anpil espektativ. Men se pa de difil kite ki te rankontre pou met tèt ansanm nan pran desizyon, bati konsansis ak kreye kwasans ekonomik. Pami evennman ke peyi a te viv yo, nou kap nonmen kelke grenn ki enpòtan:

- Koudeta militè ki te fòse Prezidan Aristide lese pouvwa an septanm 1991.
- Entèvansyon gouvènman ameriken pou retabli prezidans konstitisyonèl la an Oktòb 1994.
- Transfòmasyon sistèm palmantè ke Konstitisyon an te tabli a ki tounen yon sistèm prezidansyèl santralize “de facto”.
- Eleksyon lejislatif ak teritoryal ki te konteste an Me 2000.
- Eleksyon prezidansyèl kontwovèsè an novanm menm ane a ak yon patisipasyon electoral ki te fèb.

---

<sup>2</sup> Pou yon analiz sou evolisyon ekonomik Ayiti ak Pèspektiv li, konsilte CEPALC (2005) *Haiti: Évolution économique de l'année 2004 et les perspectives pour 2005*.

- Dezyèm manda Prezidan Aristide la, 2001 a 2004, ki te trè boulvèse. Manda sa a te fini ak fòmasyon yon gouvènman pwovizwa epi ak kreyasyon yon Fòs Miltinasyonal Enterimè ke Konsèy Sekirite a te otorize. Toutswit apre, Nasyonzini te voye yon Misyon pou tabli la Pè ak estabilizasyon (MINUSTAH).<sup>3</sup>

6. Tankou yon obsèvatè entènasyonal te fè remake: enstitisyon ki pa fonksyone, administrasyon inefikas ak koronpi, mank transparans ak krim kap etann yo, tout sa te ogmante enstabilite sosyal ak ekonomik pandan dis dènye ane yo.<sup>4</sup>

7. Pwoblèm sekirite a, prensipalman nan Pòtoprens, merite yon atansyon espesyal.<sup>5</sup> Origin li konplèks. Tankou nan anpil lòt peyi ki nan Karayib la, gwo kantite chomaj ak travay mal peye lakòz fristrasyon. Sa fè anpil jenn moun antre nan gang e gen ladan yo ki gen kontak ak eleman kriminel tankou trafikant dwòg. Ayiti atire delinkan sa yo paske li te toujou manke kapasite pou fè respekte la lwa. Tout faktè sa yo gen yon efè negatif sou sosyete a an general patikilyèman sou Polis Nasyonal Ayisyen an. Depi septanm 2004, anpil manifestasyon te òganize pou montre jan moun yo pa kontan, pafwa li klè ke diferan pati politik te manipile yo. Sa te kontribye pou destabilize sityasyon sekirite a. Pami pati sa yo, nou jwenn patizan ansyen Prezidan Asistid ke yo rele “chimè”, anpil nan yo ap viv nan katye ki pi pòv nan kapital la yo. Nou jwenn tou manm ansyen lame a (disoud an 1995), avèk ladan yo sa ki te patisipe nan rebelyon kont Prezidan Aristide nan premye mwa 2004 yo epi ki te konsève zam yo jous lè nap ekri dokiman sa a.

8. Li difisil pou tabli kòz gwosè ensekirite ki gen nan peyi a. Sajès tradisyonèl la —ki gen tout valè l— di ke se mizè ak chomaj ki responsab enstabilite politik la. Pou retire moun ki nan aktivite ilegal yo, prensipalman jèn yo, solisyon an se kreye djòb epi reyaktif ekonomi a. Yon lòt kote menm, li difisil pou tabli yon klima travay si ensekirite a pa kontrole paske sa kraze konfyans envestisè yo ki pa anvi met lajan deyò. Dilèm nan se chwazi ki lès lan de faktè yo —tansyon sosyal ak ekonomik la ou byen enstabilite politik la— ki merite atake an premye.<sup>6</sup>

---

<sup>3</sup> Premye Misyon Nasyonzini annAyiti pou ede estabilize peyi a te nonmen pa Konsey Sekirite atravè Rezolisyon 867 (1993) epi li te fonksyone de Septanm 1993 jiska Jen 1996. Apre sa te gen twa lòt misyon pi piti ki bazikman te vle antrene ak ranfòse Polis nasyonal Ayisyen an. Se te UNSMIH (Jiyè 1996-Jiyè 1997); UNTMIH (Out-Novanm 1997) epi MIPONUH (Desanm 1997-Mas 2000); konsilte Rezolisyon 1065 (1996), 1123 (1997), 1141 (1997) respektivman. MINUSTAH ki la kounye a te nonmen atravè Rezolisyon 1542 ki te pran 30 Avril 2004.

<sup>4</sup> International Crisis group, *A New Chance for Haiti?* Brusels, ICG Latin America/ Caribbean Report No.10, 18 Novanm 2004.

<sup>5</sup> Nan fen Me 2005, International Crisis Group la te kalifye sityasyon sekirite a kòm “eksplozif sitou nan kapital la”. Konsilte: International Crisis Group, *Latin America/ Caribbean Report No 13*, 31 Me 2005, p.1.

<sup>6</sup> Wè: C. Moïse nan *Le Matin* (10-13 Jen 2005). “Il n’est pas moins vrai que des élections réussies constituent un premier pas vers la normalisation politique qui permette d’aborder nos problèmes de société sur une base plus solide y compris l’insécurité. (...) La solution ne sera pas électorale, mais politique. Dans la mesure où des forces combinées, rassurantes par leurs propositions, par leurs projets et par les équipes dirigeantes redonnent confiance au peuple qui se décidera à prendre le train électoral et à s’embarquer dans le processus de normalisation. Aucune solution de panique n’y parviendra”.

9. Dilèm nan vin pi konplike lè nou konstate ke reyaktive ekonomi a, bati konsansis ak kreye yon anviwònman trankil se objektif ki merite travay an menm tan pou youn ranfòse lòt. Nou pa konsevwa yon devlopman sou yon tan ki long nan yon kontèks kote gen enstabilite politik; enstabilite politik pa fouti atake tout bon si ayisyen yo pa wè pèspektiv yon amelyorasyon nan nivo lavi yo. An jeneral, se lide sa a ki te nan dokiman —Kad koperasyon Enterimè a (CCI) pou 2004-2006— ki te prepare sou baz konferans ki te fèt an Jiyè 2004.<sup>7</sup> Se te yon egzèsis ki te dirije pa gouvènman pwovizwa a avèk konkou 26 òganizasyon bilateral, multilateral ak ajans Nasyonzini.

10. Nan yon tan kout, priyorite Dokiman-Kad la se retabli sekirite, fè sèvis piblik yo mache epi kreye opòtinite ekonomik pou sektè nan popilasyon an ki pi defavorize yo. Pandan de (2) zan Dokiman an kouvri a e menm apre sa, prensipal priyorite yo depann de 4 aks estratejik: bay gouvènans politik la jarèt, ankouraje yon dyalòg nasyonal, mete ekonomi a sou ray, kontribye pou devlopman enstitisyon yo, ede ekonomi a reprann li e amelyore posibilite pou popilasyon an resevwa sèvis de baz yo.

11. Si l difisil pou yon moun pa dakò ak prensipal pwen ki merite priyorite yo, ou byen ak politik epi aksyon espesifik ki pwopoze yo, dokiman an pa esplike anpil ki jan pou konvèti diferan eleman nan chak aks yo epi fè yo tounen aksyon evidan ak rezilta vizib. Li pa di nonplis ki jan pou rezoud kontradiksyon ant sèten priyorite ki pa kap ale ansanm. An plis sèten kesyon fondamantal ki gen yon enpòtans espesyal pou Ayiti nan moman kounye a, tankou sa nou pral konsidere nan seksyon kap vini yo, pa diskite ase.<sup>8</sup>

12. Kounye a ke peyi a dispoze fè fas a tout pwoblèm ke nou te konsidere nan paragraf anvan yo, li ta itil pou nou ta mete lòt kesyon ki gen pou wè ak devlopman anndan dyalòg nasyonal la ak lide pou nou ta rive a yon konsansis sou mezi ki ta nesèsè pou aplike menm lè nou ta gen pozisyon ideyolojik ou byen pwendvi diferan. Dokiman-kad Koperasyon Enterimè ke gouvènman pwovizwa a te prepare ansanm avèk kominote entènasyonal la, ap sèvi kòm yon baz endispansab pou yon Dokiman sou Estrateji pou Diminye Mizè. Dokiman sa a dwe itilize tout etid ki fèt deja sou aksyon ak politik piblik epi li dwe tradui priyorite sosyete ayisyen an.

13. Lide fè vanse yon Estrateji pou Diminye Mizè fèt pou byen akeyi. Sepandan gen yon deba kap fèt kounye a sou aspè operasyonèl kesyon an. Li vrèman enpòtan pou pouse epi pou aplike yon estrateji devlopman ki kap garanti estabilizasyon ak kwasans ekonomik ansanm ak yon diminyon mizè ak inegalite nan yon tan mwayen ak yon tan long. Nan sans sa a, li bon pou raple ke estrateji chak peyi pou devlopman depann de trajektwa l epi dwe teni kont de karakteristik istwa l, entitisyon l ak jeyografi l. Nan ka Ayiti, dwe gen yon atansyon espesyal pou kòz ak dimansyon mizè nan milye riral inegalite ak karans epi ki jan yon devlope nan vil yo. Analiz sa yo kap ede konprann tou poukisa gen tout gwo diferans sa yo ant rejyon ann Ayiti.

---

<sup>7</sup> Se gouvènman pwovizwa, Nasyonzini, Komisyon Ewopeyèn, Bank Mondyal ak Bank Entè-Ameriken pou Devlopman ansanm ki te prepare l. Pou teks la konplè ak dokiman tematik yo, wè: <http://www.haiticci.undg.org>.

<sup>8</sup> Okenn nan feblès sa yo pa diminye valè yon dokiman trè itil ki te prepare nan yon tan trè kout epi nan kominikasyon etwat ant aktè nasyonal e entènasyonal epi tou ki ofri yon kad ak oryantasyon rezonab kote òganis entènasyonal yo kapab gen menm vizyon an.

14. Kesyon diferans ant sityasyon fanm ak gason dwe prezan nan tout analiz sityasyon sosyal ak ekonomik Ayiti epi pèspektiv li. Kesyon sa a rekonèt nan Dokiman-kad la tankou yon kesyon esansyèl pou developman peyi a. Chemen devlopman Ayiti dwe bati sou rediksyon sistematik enjistis, esklizyon ak move tretman ke ti fi ak fanm soufri nan diferan moman vi sosyal ak ekonomik yo epi sou plis posibilite pou resevwa jistis.

### III. AGIMAN PRENSIPAL LA

15. Devan kantite ak kompleksite pwoblem Ayiti yo, plizyè obsèvatè entènasyonal eseye prezante Ayiti tan kou yon peyi ki an fayit epi ki kondane pou l viv prensipalman de èd imanité entènasyonal ak lajan ke Ayisyen aletranje —kap ogmante chak jou— voye pou moun lakay yo.

16. Si nap poze pwoblèm yo seryezman Ayiti pa dwe konsidere tan kou yon peyi an fayit.

- Menm lè enstitisyon l yo febli, pa gen rezon pou pèsonn di ke yo pèdi nèt.
- Malgre endikatè konvansyonèl yo sou edikasyon montre sa grav anpil, peyi a chaje ak talan ni anndan l ni pami Ayisyen kap viv aletranje yo e ki dispoze retounen lakay yo.
- Byen ke anviwònman peyi a deteryore seryezman, li toujou gen resous natirèl, reyèl ak potansyèl, ki si yo byen administre kap sèvi kòm baz pou yon ekonomi solid.
- Menm si sèten eleman nan baz peyi a la depi lè l te fonde (yo kite mak yo sou evolisyon sosyal ak ekonomik peyi a), yo pa yon obstak pou refòm ki nesèsè yo.
- Fòk nou di tou ke idantite nasyonal solid sa nou te mansyone a plis yon istwa ki pa sèlman gen move moman men tou chaje ak enspirasyon, se yon baz enpòtan pou rezoud defi ki gen kounye a ak sa kap vini yo.<sup>9</sup>

17. Kididonk, kesyon Ayisyen yo gen pou poze a se pa si ekonomi peyi a ta ka miyò. Se pito ki pa nou dwe fè, kisa ki nesèsè pou nou bati yon ekonomi pi solid san nou pa bliye obstak ki konn anpeche nou òganize yon ekonomi kap grandi, kreye travay prodiktif ak byennèt sosyal pou majorite popilasyon peyi a.<sup>10</sup> Repons pou n bay kesyon sa a pa depann sèlman de ekonomi. Li laji kò l nan domèn politik, kiltirèl ak sosyal. Kòm sa te di nan Dokiman-kad koperasyon Enterimè a, gen nesosite pou enstitisyon kap oryante gouvènans demokratik la epi kap eseye bati yo resevwa atansyon espesyal. Men tou nan chèche repons pou yon kesyon teyorik, li kap itil anpil pou gen yon estrateji devlopman sou yon tan long ki ofri yon baz pou diskisyon. Fè limyè sou nannan estrateji a, ak fòs li, merite lòt diskisyon ak yon pi gran konsansis.

18. Dyalòg la li menm mande yon chanjman nan atitud popilasyon an avèk yon kilti angajman ki pi nan rasin ke sa Ayisyen yo montre nan tan ki sòt pase yo.<sup>11</sup> Li ta bon ke efò kap reyalize pou ankouraje dyalòg nasyonal la ta ofri yon enstriman pou fè kesyon ak estrateji devlopman rive a yon espès de akò nasyonal. Seksyon kap vini yo ap prezante kelke grenn nan prensipal kesyon ekonomik ak sosyal ki ta dwe antre nan dyalòg la.

---

<sup>9</sup> Yon egzanp enpòtan se revolusyon Toussaint Louverture la ki anfenkont triyonfe epi ki aboli esklavaj anvan menm endepandans peyi a an 1804. Travay Komisyon Bisantnè a ki kreye an 2004 e ki ap kontinye annoperasyon an 2005-2006, sanble oryante nan direksyon sa a.

<sup>10</sup> Pou yon analiz sou kèk nan kesyon sa yo, nan pèspektiv tout rejyon Amerik latin nan, wè CEPAL (2002) *Globalización y desarrollo*.

<sup>11</sup> Sepandan gen deja sèten siy ke kèk sektè nan sosyete sivil la ap chèche dyalòg ak konsilyasyon. Yon egzanp se ta ka fòmasyon *Inisyativ sosyete sivil la* ak koalasyon ant òganizasyon sivil ak òganizasyon de baz nan Gwoup 184 la.

#### IV. WOL KOMINOTE ENTENASYONAL LA

19. Yon kesyon ki toujou prezan men ke Ayisyen pa diskite anpil se wòl kominote entènasyon la nan yon devlopman annAyiti sou yon tan long. Vizyon pesimis ke sèten obsèvatè gen sou peyi a e ki te konsidere nan paragaf anvan yo, pote yo rekomande yon espès de pwotektora entènasyon<sup>12</sup> sou peyi a pandan anpil tan. Lide sa a pap sèvi pou yon relasyon konstriktif ant Ayisyen ak kominote entènasyon la.

20. Efektivman, Ayisyen se yon pèp ki fyè epi ki toujou montre volonte pou se li ki dirije pwòp desten l. An plis, gen yon move souvni de entèvansyon etranje menm nan ventyèm syèk la. Youn nan yo se okipasyon ameriken an 1915-1934 pou pwoteje sa yo kwè ki te enterè yo. Menm lè entèvansyon an 1994 ak 2004 la yo —tou de ak otorizasyon Konsèy Sekirite a<sup>13</sup>— te gen lòt espikasyon, tout Ayisyen pat resevwa yo ak menm santiman an. An plis, nan ane 1990 yo,<sup>14</sup> jan donatè yo te bay epi wete finansman ak tout kondisyon difisil yo te enpoze, vin kòz friksyon<sup>15</sup> yo. Jodi a ankò kominote entènasyon la met pye l trè fon annAyiti.

21. Pa gen dout nan sa, wòl kominote kab bay fon yo ansanm ak Misyon Nasyonzini pou Estabilizasyon an trase se pou ede Ayisyen yo atenn pwòp objektif establi yo, lapè ak gouvènans demokratik an menm tan ke yap adopte estrateji ak politik pa yo pou rive a yon devlopman dirab. Kòm li pa gen okenn entansyon pou tabli yon pwotektora ni egzèsè okenn titèl sou zafè Ayisyen, kominote entènasyon la dwe teni kont de souvrennte Ayiti epi respekte l. Pandan tout tan ke kominote entènasyon la angaje l pou l ede Ayiti, li pa dwe ni li pa kapab aji nan plas li. Okontrè, li dwe fè tout sak posib pou ede Ayisyen yo kreye yon klima favorab ki bon pou yon travay efektif ak konstriktif ant patnè.

22. Oganis entè-gouvènmantral, estaf Nasyonzini an, enstitisyon multilateral ak bilateral kap finance yo, tout moun klè sou lide sa a epi pataje l. Sepandan, se pa tout Ayisyen ki konnen reyalyte sa a. Anpil aktè lokal, akòz de reklamasyon yo te gen nan lòt epòk, kapab santi dout epi sispèk entansyon prezans entènasyon la. Kominote entènasyon la pa fè tròp non plis pou l diminye krent ke prezans<sup>16</sup> li a koze. Nan kondisyon sa a, li enpòtan ke Ayisyen yo pran lavni

---

<sup>12</sup> Wè, pa egzanp: Don Bohning, “Nation in Chaos: An international protectorate could bring stability to Haiti”, *The Miami Herald*, 22 November 2004, p23A e Andres Oppenheimer, “Make Haiti a U.N Protectorate, But don’t call it that”, *The Miami Herald*, 2 December 2004, p 18 A.

<sup>13</sup> Rezolisyon Konsèy Sekirite 940 (1994) 31 Jiyè 1994 ak 1529 (2004) Fevriye 2004.

<sup>14</sup> Tou dabò antouzyas dechennen an 1990, apre, yon anbago ekonomik an 1992-1993; yon akselasyon nan finansman an 1994-1995 ki fini pa yon fristrasyon ak yon fatig kay donatè yo nan ane apre yo; epi donatè yo rale kò yo pratikman an 2000-2003 jiska konferans donatè yo an Jiyè 2004.

<sup>15</sup> Donatè yo rekonèt fenomèn sa a nan yon espès *mea culpa* nan Dokiman-kad Koperasyon Enterimè pou 2004-2006 la., paragaf 18-22 paj 5. Wè tou: World Bank, *Transitional Support Strategy for the Republic of Haiti*, Report No.30541, December 10 2004, p.19 lan “lessons learned from past assistance to Haiti”.

<sup>16</sup> Sou pwèn sa a, li enteresan pou souliye ke nan Rezolisyon 1608 (2005) adopte an Jen 2005 pou etann ak konsolide manda MINUSTAH, Konsèy Sekirite a “mande MINUSTAH pou l devlope epi aplike pi vit posib yon estrateji relasyon piblik ak kominikasyon pro-aktif.”(operative paragraph 16).

peyi a nan men yo. Li enpòtan pou tout sektè kap patisipe yo: —Ayisyen (gouvènman, sosyete sivil, ak sektè biznis la), kominote kap finanse a, ak Nasyonzini— pran dispozisyon pou se Ayiti ki “kenbe volan an” lè pou deside priyorite ak estrateji devlopman yo.

## V. AYITI AK EKONOMI GLOBALIZE A

23. Yon lòt pwoblèm ki pa diskite anpil direktman men ki parèt nan lòt diskisyon sou tèm sa yo gen pou wè ak jous ki bò ekonomi ayisyen an louvri. Se diskisyon kote entèlokitè yo ap mande si Ayiti te byen fèt anbrase liberalizasyon komèsyal la trò rapidman epi ak tròp agresivite nan kòmansman ane 1990 yo, opwen ke, se yon bagay tout tan yap mansyone, Ayiti se peyi ki gen tarif ladwann pi ba nan tout Karayib la. Gen moun ki fè remake ke liberalizasyon komès rapid ak agresif la, ke sèten enstitisyon entènasyonal te mande, te domaje kèk aktivite prodiksyon —diri se egzanp yo bay pi souvan— ki ta kontinye konpetitif sou mache entènasyonal la (sa vle di san li pa fè konsomatè Ayisyen an ditò) si yo te ofri produktè yo plis tan pou ajiste yo.

24. Ke se sa ou se pa sa, Ayiti ak pozisyon jeografik privilejie l la, ansanm ak mache entèn li ki piti fè panse ak fòs ke peyi a dwe adopte yon estrateji ki baze sou ouvèti. Se pa yon kesyon de doktrin men yon kesyon pratik nan ekonomi global jodi a. Ayiti dwe devlope avantaj konparatif li yo jan yo egziste ou byen jan yo kap devlope devan restriksyon ki gen nan yon ekonomi entènasyonal chaje ak konpetisyon. Aji yon lòt jan se kouri risk pou pa pakab soutni yon kwasans ekonomik dirab. Ayiti ap gen pou l kontinye ak yon tarif ladwann plizoumwen ba sou byen ak sèvis yo, adezyon ak règ Oganizasyon Mondyal Komès yo (li manm depi Janvyè 1996) menm jan ak règ CARICOM la kote Ayiti manm tou (byen ke jounen jodi a yo separe l pou rezon tout moun konnen). Apa de liberalizasyon kont kapital balans peman an, ke li fè deja depi kèk ane, peyi a bezwen kapasite pou atire envestisman etranje ak kondisyon ki pèmèt li antre an konpetisyon ak peyi vwazen yo nan Basen Karayib la. Pou atenn objektif sa a, yon refleksyon dwe fèt sou karakteristik politik ki pi apwopriye yo ta dwe geyen.

25. Ayiti se deja youn nan ekonomi ki pi ouvè nan lemon antye ni lan kont kouran ni lan kont kapital . Sepandan estrikti prodiktif la an jeneral pa konpetitif ditou nan mache entènasyonal yo.<sup>17</sup> Adopte yon estrateji ki baze sou ekspòtasyon pa siyifi sèlman elimine baryè devan komès ak mouvman Kapital. Kòm sa di nan seksyon kap vini an, li jistifye ke Leta asime yon atitid pi pwo-aktif pou l promouvwa devlopman. Nan kontèks sa a, yon pwoteksyon lejè pandan yon sèten tan nan sèten sektè ekonomi ayisyen an merite konsidere espesyalman pou kesyon sekirite alimantè. Nan sans sa a adopte tarif ladwann peyi CARICOM yo sou sèten pwodui ta kap pèmèt fè yon ti ogmantasyon nan sèten tarif. Apa de sa, politik relasyon goud ak deviz yo merite yon atansyon espesyal pou evite ke goud la pran tròp valè lè nivo koperasyon entènasyonal la epi espesyalman kantite lajan fanmi yo ap voye soti aletranje gen tandans ogmante. Pri tranzaksyon ki eksepsyonèlman wo kounye a kapab bese nan sektè kle tankou elektrifikasyon, transpò, kominikasyon, teknoloji enfòmasyon, pò ak ayeropò, depo machandiz, pou ede ke byen ak sèvis ayisyen kapab konpetitif.

---

<sup>17</sup> Sou defi Amerik Latin nan rankontre nan efò l pou l modènize ak ogmante kapasite prodiktif li, wè CEPAL (2004) *Desarrollo productivo en economías abiertas*.

26. Li bon pou fè remake ke “ouvèti” pou kont pa l pa sifi pou fè machandiz ayisyen pi konpetitif nan mache mondyal yo. Politik komèsyal la dwe akonpaye ak yon konbinezon mezi tanporè, selektif, transparan ki gen objektif klè pou sèten pwodwi agro-endistryèl ak manifakti. Sa va sèvi pou ankouraje prodiksyon lokal la ak kreyasyon travay kòm konsekans reaktivasyon mache entèn nan. Tout estrateji devlopman ki va aplike alavni dwe egzamine si gen kèk politik oubyen chanjman nan regilasyon ki nesèsè pou ogmante prodiksyon ak disponibilite pwodwi de baz ke majorite popilasyon an itilize. Nan nenpòt ki ka, dwe gen yon previzyon de enpak posib ke mezi sa yo kap genyen sou disponibilite ak pri machandiz premye nesèsite yo. Sa se pou konpanse efè negatif yo kap genyen sou sektè pi pòv nan popilasyon an. Nan menm sans la, menm si liberalizasyon kont kapital la te fasilite a sèten moman envestisman etranje dirèk la, li dwe klè ke sa pa sifi pou fè envestisman prive yo ogmante.

27. Gen yon repons pou bay tout moun ki kont “model neoliberal” la, “Konsansis Washington” nan, oubyen model ki te gen akseptasyon nan ane 1980 ak 1990 yo nan Amerik Latin ak Karayib la (ke yap kritike chak jou plis paske l pat konfime premye pwomès li yo). Repons sa a, sè ke si poko gen okenn solisyon altènatif pou amelyore jan peyi a ap mete kò l nan ekonomi entènasyonal la espesyalman avèk aplikasyon yon seri de politik mikro ak mezo ekonomik tan kou sa nou pral diskite pi devan an, sèl chemen ki rete se imajine ke devlopman Ayiti nan yon tan ki long ap depann de globalizasyon ekonomik la. Ankouraje prodiksyon nasyonal pou reponn a demann nasyonal se yon opsyon ki merite konsidere nan konteks sa a: sa vle di ke prodiksyon nasyonal la dwe gen yon kalite ki rann li preske konpetitif devan machandiz menm espès la ki sòti nan mache entènasyonal la.

28. Yon lòt kesyon ki gen pou wè ak “ouvèti” se ki benefis Ayiti ap tire de apatnans li a CARICOM. Byen ke li te envite depi 1997, se an Jiyè 2002 Ayiti te fèl manm epi kòm nou te di l deja, dwa l bloke depi Mas 2004. Ayiti jiska prezan poko tire anpil benefis de prezans li nan CARICOM nan.<sup>18</sup> Sepandan benefis yo kapab konsiderab nan komès, envestisman an komen, aksè a Bank Devlopman Karayib la ak patisipasyon nan diferan aktivite Kominote a. E kòm tarif ladwann yo deja ba, pa gen rezon pou ke rantre nan Kominote a ba l anpil pwoblèm espesyalman nan kesyon chanje direksyon komès. Okontrè, kòm sa te di nan yon paragraf anvan, Ayiti ta gen dwa konsidere yon ogmantasyon ki pa gwo sou sèten nan tarif ladwann yo pou l ka amonize l ak rès CARICOM nan.

29. Li bon pou raple ke Ayiti gen pi gwo relasyon entèdepandans<sup>19</sup> ekonomik ak Repiblik Dominikèn ki pa manm CARICOM ke ak lòt peyi nan Karayib la. Apwofondi relasyon ant Ayiti ak Repiblik Dominikèn pa dwe enkonpatib ak fè menm bagay la ak lòt peyi CARICOM yo. Omwens, nan yon tan kout, relasyon ak Repiblik Dominikèn kapab ofri Ayiti plis benefis akòz posibilite pou de peyi yo antreprann, nan zòn fwontyè a, aktivite ki bon pou yo tankou Pak Endistryèl Wanament la.<sup>20</sup> Si aktivite sa yo byen reyalize, yo kap ede nan solisyon konfli ki egziste depi lontan nan relasyon yo e kote pwoblèm migrasyon yo peze anpil.

---

<sup>18</sup> Wòl pro-aktif Kominote Karayib la kote l ap eseye rezoud kriz premye mwa 2004 yo te koze anpil kontrovès nan Ayiti menm jan ak desizyon l pou l ekate peyi a de Kominote a.

<sup>19</sup> Ayiti se twazyèm patnè komèsyal Repiblik Dominiken: li enpòte apeprè 100 milyon dola ameriken chak ane san teni kont de endistri asanblaj yo.

<sup>20</sup> Wè: *Connaitre la frontière*, Laboratoire des Relations Haitiano-Dominicaines, LAREHDO, Juin 2002.

30. Si yon moun ap konsidere wòl Ayiti nan ekonomi global la, li pa ka iyore fenomèn migrasyon an ak konsekans li. Efektivman, migrasyon ak lajan Ayisyen kap travay aletranje voye nan peyi a tounen de eleman ki karakterize dinamik sosyoekonomik li. Chak ane yon gran kantite Ayisyen oblije emigre pou al chèche travay ak meyè kondisyon ekonomik aletranje. Emigre sa yo voye lajan pou fanmi yo. Total kantite lajan sa a se pi gwo rantrè ki anrejistre nan Kont kouran balans peman. Byen ke migrasyon sa yo gen anpil konsekans negatif, nan sèten fanmi yo reprezante diferans ant mizè ekstrèm ak kondisyon sosyoekonomik pi diy. Pi devan, yon estrateji devlopman ki bay bon rezilta ap diminye ankourajman pou moun emigre. Men nan yon tan kout ou byen mwayen, kouran migrasyon sa yo ap kontinye. Ayiti dwe resevwa yon èd espesyal pou anpeche ke peyi a pèdi kapital imen li (tan kou sa te pase ak Pwogram Visa Espesyal pou migran kalifye ke Kanada te ofri an 2001-2002). Kesyon sa yo merite trete nan nivo ki pi wo ak reprezantasyon politik Amerik Latin yo (espesyalman ak Repiblik Dominikèn ki se patnè komèsyal pi enpòtan Ayiti) menm jan avèk Etazini ak Kanada.

## VI. EKILIB ANT LETA AK MACHE

31. Nan tan jodi a, ekonomis kap okipe yo de devlopman dakò an jeneral keli nesèsè pou gen yon “ekilib rezonab” ant Leta ak Mache pou rive a yon devlopman dirab. Men gen diskisyon sou sa yon ekilib “rezonab” ye epi sou dimansyon entèvansyon Leta nan yon sèten moman ak nan yon peyi detèmine. Youn nan bagay ki klè, sè ke pa gen resèt ki valab pou tout sitiyasyon.

32. Opinyon konvansyel sou kesyon an rekonèt ke Leta se sèlman youn nan enstitisyon kap fè entèraksyon nan diferan aktivite, kolektif ou pa, ak lòt enstitisyon sosyete a tankou sektè prive, òganizasyon non-gouvènman, òganizasyon de baz. Gen plis enterè pou chèche ki jan enstitisyon sa yo youn konplete lòt, ke sou fonksyon espesyal ke Leta pou kont li kapab ranpli. Yo bay anpil enpòtans tou sou nesèsite ke chak enstitisyon amelyore kapasite l pou fonksyone pi byen posib. Pou di sa yon lòt jan, sa yo bay plis enpòtans se pa deba filozofik sou benefis entèvansyon Leta oubyen sou “kapasite majik mache a genyen” men se jan youn konplèman lòt.<sup>21</sup> Pou rezime, olye pou chèche yon Leta minimalis ou maksimalis, tandans la se chèche yon Leta kap fonksyone byen.

33. Diskisyon sa a patikilyèman enpòtan nan kontèks ayisyen an. Kèk aktivite ki nan majorite peyi nan men Leta, tan kou edikasyon primè, se sektè prive ki reyalize yo san ke Leta pa egzèsè sou yo yon sipèvizyon sere. Yon lòt bò menm, sèvis piblik ki te privatize nan majorite lòt peyi yo tankou prodiksyon elektrisite ak sèvis telekominikasyon se nan men konpayi Leta yo ye. Pou kounye a, majorite obsèvatè dakò ke sèvis piblik yo pa efisyan epi kapasite Leta pou l kontrole yo fèb anpil.<sup>22</sup> An plis, pa gen transparans ni abitud rann kont de jesyon an.<sup>23</sup> Administrasyon piblik la manke fòs e sa diminye kapasite gouvènman an pou l ta jwe yon wòl efektif nan domèn tankou sèvis sosyal ak aplikasyon la lwa, nan garanti fòs lwa yo, devlope enfrastrikti fizik, epi an jeneral nan posibilite ofri yon nivo administrasyon aseptab nan aktivite sektè piblik yo. Anplwaye sèvis piblik la mal peye (preske pa motive), se youn nan esplikasyon pwoblèm nan.<sup>24</sup>

34. Konsa, ogmante kapasite Leta a<sup>25</sup> pou reyalize ak efikasite tout aktivite ke l responsab yo, se yon kesyon ki merite eklèsi. Sètènman, yon Leta efektif se yon nesèsite pou pèmet mache yo

---

<sup>21</sup> Wè, pa egzanzp, World Bank, 1997 World Development Report “The State in a Changing World” (Washington, D. C., 1997).

<sup>22</sup> “Jesyon ekonomy an fèb epi l manke resous”. The Economist Intelligence Unit, Haiti Country profile 2004 <http://www.eiu.com/>, p.19. Wè tou: International Crisis Group, A New Chance for Haiti?, ICG Latin America/ Caribbean Report No. 0, 18 November 2004, pp. 20-23.

<sup>23</sup> “Pandan kèk ane, jesyon apwovizyonman ak finans piblik la ki te fèt san transparans te louvri pòt pou koripsyon ak enpinite”. World Bank, Transitional Support Strategy for the Republic of Haiti, Report No.30541. December 10, 2004, p 18.

<sup>24</sup> Wè: International Monetary Fund, Haiti, Selected Issues, IMF Country Report No.05/2005, June 2005 pp.16-23. Pami lòt aspè, Fon Monetè a rapòte ke travay nan sektè piblik trè modès annAyiti, ke salè nan sektè piblik la nan yon gran mezi pi ba ke mwayèn sale nan sektè prive a epi ke kapasite gouvènman pou l ofri sèvis piblik esansyèl yo febli anpil.

<sup>25</sup> Wè: World Bank, Reforming Public Institutions and Strengthening Governance: A World Bank Strategy (Washington, D. C. November 2000).

develope —pou kreye enfrastrikti fizik yo tou—, pou gen règ ak prensip regilasyon ki pèmèt sipèvizite antite prive yo (enstitisyon finansye yo tou) epi espesyalman pou okipe l de kesyon sosyal yo. Yon Leta efektif nesèsè tou pou aplike politik ki gen objektif diminye diferans nan kondisyon ekonomik ak sosyal ki kontinye egziste ant kanpay ak vil yo menm jan yo egziste ant plizyè rejyon peyi a. Pa gen okenn resèt pou distribye responsabilite ant Leta ak mache alapèfeksyon. Men nan ka Ayiti jodi a kote enstitisyon piblik yo fèb anpil, tout sektè yo gen enterè ba yo jarèt ak ankourajman pou amelyore rezilta yo epi kontrole abitrè ak koripsyon.

## VII. MOTE POTANSYEL POU KWASANS

35. Ak ipotèz ke pwoblèm sekirite ak gouvènans kapab rezoud, diskisyon sou “ekilib rezonab” ant Leta ak mache soulve tou kesyon pou idantifye ki bò kwasans yon ekonomi ayisyen ki reprann fòs ap sòti. Gen moun ki va afime ke prensipal objektif Leta se garanti yon klima estabilite, sekirite epi tou yon jesyon makwoekonomik solid, mache a va idantifye opòtinite pou kwasans ekonomik yo. Gen lòt moun ki devan sikonstans kounye a epi sa moun kapab prevwa, di ke Leta dwe jwe yon wòl pi pro-aktif, omwen nan premye moman yo pou ankouraje aktivite ki pwomèt men kap bezwen bourad ou byen investisman piblik pou atire sektè prive a. Nenpòt ki jan, lap nesèsè pou gen yon lide de kisa motè potansyèl kwasans sa a kapab ye.

36. Gen etid serye ki fèt deja nan sans sa a.<sup>26</sup> Anpil nan aktivite ki te idantifye se sa ki te deja montre yon dinamis nan tan pase tankou endistri asanblaj (espesyalman rad), kafe, fwi tropikal (mango), touris ak agrikilti. Kididonk, etid ki egziste yo souliye nesèsite pou reprann ak relanse aktivite ki te konn fèt deja yo plis ke pou idantifye lòt aktivite ki posib ak kapasite ki ekziste kounye a.

37. Li sifi ke Ayiti gade kay vwazen l, Repiblik Dominikèn, pou l konprann kokenn potansyalite ki gen nan touris. Nan yon tan kout, aktivite touris la ka fè konstriksyon ak enfrasrikti, prensipalman lotèl, vanse anpil. Sou yon tan ki long, touris se yon aktivite ki kreye anpil travay. Ayiti gen kondisyon potansyèl pou l atire ni touris deliks ni touris ki pi modès. Peyi Dayiti gen istwa l ak kilti ki pa bagay moun jwenn fasil e li pa manke resous natirèl. Bagay sa yo pat eksplwate ase. An pati, se akòz enstabilite, ensekirite ak mizè ki te karakterize peyi a. An plis, touris makonnen anpil ak sektè atizana, epi ak sa yo rele “Endistri nostalgik, etnik ak kiltirèl” ki gen pwòp kapasite pa yo pou yo grandi.

38. Yon entansifikasyon dirab pwodiksyon agrikòl la, ni pou ekspòtasyon ni pou konsomasyon lokal, gen yon gwo potansyalite. Li kap devlope ak aplikasyon teknoloji nan pwosesis prodiksyon an epi nan kalite sèvis yo. Pwodiksyon agrikòl la dwe entegre nan kontèks devlopman riral la ki pi gran. Sa kab fèt malgre jan baz resous natirèl peyi a ap fin deteryore<sup>27</sup> akòz debwaman ki pwovoque ewozyon yo ak inondasyon tankou sa septanm 2004 la. Jodi a, apeprè 59% manje ki konsome nan peyi a sòti nan peyi etranje (5,6% se èd alimantè).<sup>28</sup> Lè ekonomi an va reprann fòs li, rapidman popilasyon an ap mande plis manje. Gen yon gwo potansyèl pou fè fas a ogmantasyon demann sa a ak manje ki pwodwi nan peyi a, nan kondisyon konpetitif. Pami pwodwi sa yo, diri, mayi ak pwa ki se premye nesèsite nan manje toulejou Ayisyen, pwomèt anpil. Se menm jan pou pwodwi ki gen pi gwo ranman tankou fwi ak legim.

---

<sup>26</sup> Wè , pa egzanzp: Mats Lundahl, *Sources of Growth in the Haitian Economy*. Inter-American Development Bank, Economic and Sector Study series, RE2-04-004, June 2004.

<sup>27</sup> Rapò International Crisis Group la ke nou te mansyone anvan deklare ke sitiasyon ekoloji annAyiti “se yon bonb ki prèt pou eksploze”.Op. Cit., p.23.

<sup>28</sup> Wè rapò Coordination Nationale pour la Sécurité Alimentaire (CNSA) te prezante nan Seminè sou Sekirite alimantè ke CEAPLC-CNSA te òganize ansanm 12-13 Me 2005.

39. Sekirite alimantè, pou kont pal, se yon gwo pwoblèm pou devlopman annAyiti espesyalman devan grosè depandans peyi a genyen de èd imanite entènasyonal. Li klè ke amelyore sekirite alimantè, mande non sèlman resous finansyè men tou ke enstitisyon yo konsolide.<sup>29</sup> Pwodiksyon sèten legim nan vil ak alantou yo merite atansyon tou.

40. Sektè endistri asanblaj ki baze sou salè konpetitif pou travayè yo gen yon potansyèl tou pou kreye opòtinite travay. Byenke nan dènye tan yo majorite aktivite sa yo te konsantre nan sektè rad (apeprè 90% ekspòtasyon endistri asanblaj la) kote gen anpil konpetisyon mondyal, Ayiti kapab prezève yon plas nan mache ameriken an espesyalman si anfen kongrè ameriken an ta vote *Haiti Economic Recovery and Opportunity Act* la (Jiyè 2004). Lòt opòtinite ta kab parèt nan elektronik, jwèt, santral telefonik pou fè apel ka makonnen ak peyi frankofòn (Kanada ak Lafrans).

41. Gen yon apwoch pi nèf nan sa Mats Lundhal rele “fòmalizasyon sektè enfòmèl la”, ki se yon efò pou ogmante pwodiksyon ak pwodiktivite gwo kantite mikro-antrepriz ki egziste annAyiti ak diferan degre enfòmèlité. Inisyativ ke Centre pour la Libre Entreprise et la Démocratie (CLEDE) ansanm ak *Instituto Libertad y Democracia* (ILD) pran yo, merite atansyon pou konsekans yo kap genyen sou kwasans ak ekite, byen ke pèsonn pa ka souzestime difikilte ki genyen pou legalize pwopriyete sektè ki pi pòv yo. Lòt òganizasyon entènasyonal tankou Bank Mondyal, Bank Entèameriken pou Devlopman, Fon Nasyonzini pou Devlopman Kapital ak CEPALC gen anpil eksperyans nan travay avek mikro-antrepriz. Sèten ladan yo ta ka sèvi pou kontèks peyi Dayiti a.

42. Se vre tou, gen anpil baryè pou ranvèse menm pou kòmanse fè aktivite sa yo ak lòt ankò mache. Gen de kesyon serye ki gen pou wè ak gouvènans politik men tou avèk kontròl lawa, dwa pwopriyete, aksè a kredi (espesyalman pou mikro-antrepriz), enfrastrikti ki konvni, degradasyon anviwònman, vilnerabilite devan kalamite natirèl ak anpil lòt kesyon ankò. Sepandan potansyèl pou reaktivasyon ekonomik la ak yon kwasans dirab egziste deja.

---

<sup>29</sup> Kesyon sa a se te tèm yon seminè ke CEPALC ak otorite lokal yo te òganize nan PòtoPrens an Me 2005 e ki te fasilite yon dyalòg chaje ak enfòmasyon ant ofisyèl gouvènman, ajans entènasyonal ak manm sosyete sivil la.

## VIII. JESYON MAKROEKONOMIK

43. Yon lòt kesyon ki an diskisyon tou se jesyon makroekonomik gouvènman tranzisyon an kap fèt ak yon pwogram ke Fon Monetè Entènasyonal la ap sipèvize. Byen ke li difisil pou gen dezakò ak oryantasyon jeneral ke otorite yo bay kesyon an —responsab politik yo gen yon maj trè etwat pou fè manèv akòz de gwo restriksyon kap afekte pèfòmans ekonomik yo— gen kesyon ki soulve sou kontni, pòte ak entansite politik sa a nan domèn fiskal, monetè ak finansye.<sup>30</sup> Reyèlman sanble gen yon kontradiksyon ant nesosite ki klè pou kreye opòtinite travay rapidman gras a depans gouvènman (brigad pou netwaye lari, antretyen edifis piblik, ak lòt aktivite) pandan ke yo mentni yon defisi bidjetè ekesepsyonèlman ba (yon mwayèn de 3% Pwodwi Entèn Brit la pandan senk dènye ane yo) ak pratik pou akimile yon kantite rezèv monetè entènasyonal chak jou pi gran. Pou di sa yon lòt jan, te gen petèt yon ekzajerasyon nan chèche respekte disiplin bidjetè ak monetè a epi kondisyon kredi yo.

44. Yon lòt kote, li posib pou fè remake nan defans gouvènman tranzisyon an ke sèten evennman ki pase dènyèmman —politik, sekirite, kesyon ekonomik ansanm ak dezans imanite ke inondasyon te koze an me ak septanm— pat reprezante meyè sikonstans pou atenn rapidman yon estabilite ekonomik ak finansye menm si kondisyon ki te egziste gen kèk mwa de sa yo ta favorab. Li bon pou raple tou ke jan yo jere bidjè annAyiti pami sa ki mwen klè nan Amerik Latin ak Karayib la. Jiska tou dènyèmman, apeprè 60% nan depans piblik la te rezève pou depans diskresyonè ki depann de Biwo Prezidan; san ke preske pa gen okenn kontrol sou sa. An plis, administrasyon taks yo trè defisyan. Gen anpil kontrebann, pa telman pou pa peye taks sou enpòtasyon (kòm sa te mansyone anvan, tarif yo ba anpil) men pou pa peye enpo 10% TCA ki ta dwe preleve sou machandiz enpòte nan ladwann. Gen lòt kesyon nan domèn politik ekonomik la ki tonbe tou nan aspè gouvènans politik. Pami kesyon sa yo, genyen: Ki jan alavni pou trete prensipal antrepriz nan sektè piblik yo tankou Konpayi telefòn (TELECO), Sèvis pò a (APN), Ladwann (AGP), Autorite ayeropò a (AAPN), Distribisyon dlo nan kapital la (CAMEP), ak andeyò kapital la (SNEP).

45. Gen posibilite pou konsidere ke pa ki fèt nan dènye mwa yo kontribye pou kreye yon platfòm, si ta gen yon minimòm estabilite politik, pou yon pi gwo kwasans ekonomik san sa pa konpwomèt estabilite ekonomik ak finansye ki ta ka afekte espektativ ajan ekonomik yo nan yon pèspektiv kwasans sou yon tan ki long. Menm si pwopozisyon sa ta aksepte, rete espas pou yon deba sou jesyon makroekonomi an alavni, espesyalman nan domèn politik fiskal (refòm taks pou yon tan ki long, administrasyon taks, alokasyon ak jesyon bidjè, odit finans piblik ak jan Leta achte sa li bezwen), jesyon dèt, politik pou sektè finansye ak monetè, politik sou relasyon goud ak deviz, ak politik finansman ekstèn. Byen ke kesyon sa yo gen plas nan kategori desizyon politik nan yon tan ki kout, yo definitivman gen enpak sou pèspektiv ekonomik sou tan long, e

---

<sup>30</sup> “Otodoksi makroekonomik gouvènman tranzisyon an te tèlman estrik sou depans li ke menm Fon Monetè Entènasyonal la te poze kesyon sou ti kantite ankourajman pou aktivite ekonomik ki te prevwa nan bidjè a”. International Crisis Group, Memorandum to the Members of the United Nations Security Council Mission in Haiti, 8 April 2005, p.4.

pakonsekan chaje ak relasyon avèk deba sou kesyon devlopman yo. Li enpòtan pou raple, byen ke sa evidan, ke jesyon makroekonomik la pa ka divòse ak amelyorasyon gouvènans politik la.

46. Feblès ak frajilite revni fiskal yo se yon obstak majè ki fèt pou kontrole sou yon tan mwayen ak sou yon tan long. Sanble gen yon gran posibilite pou ogmante revni fiskal gouvènman, ni nan kantite ke li reprezante ni kòm yon pousantaj Pwodwi Entèn Brit la. Li difisil pou yon moun pa dakò ak konklizyon Fon Monetè Entènasyonal la ki di “ke estrateji pou yon devlopman ki gen yon baz laj mande ke gouvènman an gen plis resous ke sa ki disponib jodi a pou ogmante aksè a sèvis sosyal nan domèn sante ak edikasyon epi devlope enfrastrikti fizik”.<sup>31</sup>

47. Kòm revni fiskal yo depann anpil de donasyon etranje yo sa gen yon seri enplikasyon ki merite anpil atansyon. Li nesèsè pou rekonèt gwo defi ki prezante devan gouvènman an, kominote donatè entènasyonal la ak oganizasyon finansye yo pou utilize kòmsadwa e ak efisyans kantite èd entènasyonal ki ta dwe antre nan peyi a nan yon tan kout ak mwayen. Peyi a dwe idantifye epi evite erè li te komèt nan lòt epòk anvan lè li te resevwa yon gran kantite èd etranje ke l pat kap absòbe e ki pat utilize kòmsadwa. Devan tout nesosite ak ijans peyi a gen jodi a, CCI (Kad Koperasyon Enterimè a) ta kap reprezante yon repons enstitisyonèl a defi pou kòdone kantite èd etranje ki kap rive yo.

48. Egzekisyon politik fiskal la nan nivo Gouvènman Santral, antrepriz piblik ak otorite lokal poze anpil pwoblèm ki merite analize. Mwayen ki pèmèt ogmante efisyans ak enpak politik fiskal yo se ta kap senplifikasyon administratif oubyen desantralizasyon. Rekòmandasyon sa yo ap sèvi pou rasyonnalize jesyon sektè piblik la fè de kapital imen ak lòt resous ke l genyen men ki pa sifizan. Si gen mezi kontròl ak plis ankourajman ki egziste, rekòmandasyon yo, ki ap sèvi tou pou kanalize plis fon ba gouvènman lokal yo, ap pèmèt satisfè nesosite sosyal yo pi byen epi amelyore enfrastrikti nan kominote ki pi pòv yo.

49. Yon lòt kesyon ki gen pou parèt se kapasite Ayiti pou l peye enterè dèt ekstèn li kap ogmante. Kòm tout moun konnen, Ayiti poko nan lis peyi pòv ki resevwa èd kòm “peyi pòv ki chaje ak dèt” (HIPC), byen ke li prezante tout kondisyon objektif pou l ta resevwa l alavni. Nivo andètman kounye pa kap kenbe lontan.<sup>32</sup> Dezisyon ke peyi G 8 la pran dènyeman pou bay peyi ki pi pòv yo yon bon souf sou kesyon dèt la —men kote Ayiti pa antre— fè kesyon an vin pi ijan.

50. Enpak varyasyon pri deviz yo sou pri prensipal pwodwi ke malere consomè nan peyi a dwe konsidere. AnnAyiti tankou nan tout ekonomi ki piti men ki louvri, kote sekirite alimantè depann anpil de manje ki sot aletranje, li enpòtan pou byen peze avantaj ak dezavantaj yon desizyon politik sou relasyon lajan peyi a ak deviz. Lè dola chè, prodiksyon nasyonal gen avantaj sou enpòtasyon. Lè dola a bon mache, se machandiz etranje yo ki gen avantaj la.

51. Li dwe klè ke dinamik kwasans ekonomik la, pou kont pa l, kap kreye yon tandans pou devlope sèten rejyon pandan ke gen lòt ki ret dèyè. Yon egzanzp se diferans ant kondisyon lavi nan zòn riral ak vil yo. Pou prezève yon sèten ekilib sosyal ak korije diferans sa yo, li kap nesèsè pou aplike kèk politik espesyal pou devlopman rejyonal la.

---

<sup>31</sup> Wè: International Monetary Fund, Haiti: Selected Issues, IMF Country Report No. 05/205. June 2005, pp.5-15.

<sup>32</sup> International Monetary Fund, IMF Country Report No. 05/205 of June 30. 2005, p.37

## IX. YON PROGRAM ENVESTISMAN PIBLIK

52. Kòm sa te di anvan an, Dokiman-Kad Koperasyon Enterimè a gen de aks —pwomouvwa reaktivasyon ekonomik ak amelyore aksè a sèvis de baz yo— ki enplike, pami lòt konsekans, yon gran kantite depans piblik, majorite nan yo pou peryòd 2004-2006 la. Byen ke yon pati nan kritè pou seleksyone pwojè investisman piblik yo se te kreye opòtinite travay, Gouvènman pwovizwa ak kominote entènasyonal la te gen yon je louvri tou sou reyaktivasyon kwasans ekonomik ak amelyorasyon sèvis soysal yo espesyalman nan domèn sante ak edikasyon.<sup>33</sup> Investisman piblik ki te deside a, e pou sa potansyèl finansman ekstèn nan deja konpwomèt, te gen ladan l amelyorasyon rezo wout nan peyi a, ogmantasyon kapasite pou pwodui ak distribye elektrisite, irigasyon ak ti wout —pou ogmante prodisyon agrikòl—, kontrole debwazman ak degradasyon anviwònman, pwojè dlo ak enstalasyon sanitè, amelyorasyon bidonvil yo ak yon meyè jesyon fatra, finansman depans pèmanan nan domèn sante ak edikasyon.<sup>34</sup>

53. Anpil nan pwojè sa yo reponn a nesosite ki evidan e yo fè sans pou nenpòt moun ki konnen ekonomi peyi Dayiti. Pa egzanp, sèlman 5% nan wout peyi a an bon eta; sèlman 10% Ayisyen gen aksè a elektrisite. Nan sektè sosyal yo, sèlman 20% nan ti moun kal lekòl yo frekante lekòl leta (an plis gen 500,000 ki pa al lekòl ditou). Yon pousantaj popilasyon an ki relativman ba gen aksè a dlo potab alòske prezans HIV/SIDA pi wo ke nan tout rès emisfè oksidantal la. Nan sikonstans sa yo, nenpòt mezi ki pran pou amelyore sitiyasyon an ta ka jistifye.

54. Antouka, gen yon pwoblèm serye nan tabli priyorite ant sektè yo ak anndan sektè yo. Byen ke pi gwo pati investisman yo deja destine pou peryòd 2004-2006 la, yo dwe annakò ak yon estrateji oubyen yon vizyon sou tan long ki poko byen chita.<sup>35</sup> Sa pa vle di ke annatadan ke estrajeji sa a pare, yo ta dwe ranvoje pou apre depans piblik kap fèt kounye a yo. Men, gen nesosite pou yon estrateji sou tan long kap gen yon pi gran rasyonnalite nan jan yo distribye resous pou depans piblik yo, espesyalman nan investisman piblik.<sup>36</sup>

---

<sup>33</sup> Li merite raple tou ke Gouvènman franse a te pran inisyativ òganize yon reinyon Ministeryèl sou rekonstriksyon Ayiti nan vil Kayèn le 18 Mas 2005 pou prezante, adopte e akselere egzekisyon pwojè konkrè ki te seleksyone dapre posiblite yo pou debouse fon epi reponn a bezwen pi ijan popilasyon an genyen nan domèn tankou konstriksyon wout, jenerasyon elektrisite, gouvènans ak asè a sèvis piblik.

<sup>34</sup> Dokiman-kad Koperasyon Enterimè, Anèks 1, pp.47-82 ak rapò tematik yo.

<sup>35</sup> CEPAL (2005), *Hacia el objetivo del milenio de reducir la pobreza en América Latina y el Caribe*, egzamine kouman Ayiti ak Amerik Latin nan an jeneral avanse nan efò yo pou atenn Objektif Milènè a pou Devlopman (OMD).

<sup>36</sup> An Mas 2005, Ministè ekonomi ak Finans la te lanse *Programme de Relance Économique* (PROREC) pou reaktive ekonomi peyi a avèk apeprè 30 milyon dola ameriken nan yon plan pou depans piblik ki byen make-annakò ak CCI- e ki te kouvri twa aksyon de baz: i) enfrastrikti, ii) pwogram travay entansif, iii) èd finansye pou sektè prive a.

55. Kesyon enèji an merite yon atansyon espesyal akòz de enpak li sou anviwònman ak pwosesis prodiktif la. Kòm konbistib solid, tankou bwa ak chabon vejetal itilize anpil, sa gen efè negatif sou sante popilasyon an plis enpak sou anviwònman. Men itilize gaz ak kerozin nan plas sous enèji sa yo ap gen gwo konsekans sou balans peman an.<sup>37</sup>

---

<sup>37</sup> CEPALC te antreprann yon etid sou tèm sa a.

## X. KONKLIZYON

56. Omoman ke Ayisyen ap prepare yo pou retounen a yon gouvènman ki eli demokratikman, yo ta byen fè si yo ta panse tou ak kèk pèspektiv sou tan long pou bay tout popilasyon an yon nivo lavi akseptab epi sou kisa yo dwe fè pou atenn kokenn objektif sa a. Pa manke obstak ak defi sou wout la e nan eseye ba yo repons, nan ekspeyans pase yo, gen anpil fristrasyon ki te kreye. Yon lòt kote menm, gen anpil leson ki te aprann, pwosesis kap mennen kounye a kapab ofri opòtinite pou egzamine ansyen defi yo nan yon lòt kad e ak yon espri kreyatif. Pami tout kesyon kap ekzije atansyon moun kap pran desizyon annAyiti yo, sa ki gen relasyon ak devlopman sou yon tan long yo merite yon konsiderasyon espesyal. Byen ke Ayiti se yon peyi pòv san tròp resous natirèl, pa gen dout ke yon ekonomi vyab e menm trè solid kapab bati andedan li. Kesyon an se ki jan pou pwoblèm nan byen poze e ki jan pou trase yon kad jeneral ki panse a lavni. Dokiman sa a ofri kèk paramèt preliminè pou deba sa a ki gen pou fèt.

57. De pwen an patikilye merite reprann. Tou dabò, estabilite politik se yon nesosite pou yon devlopman dirab men tou pèspektiv yon devlopman dirab nesèsè pou estabilite politik. Dezyèmman, yon konsansis ant Ayisyen sou prensipal eleman yon estrateji pou devlopman sou yon tan long se yon bagay ki endispansab.